# Jeke kompyuterter ha’m olardin’ tu’rleri

***Reje:***

**Kirisiw**

1. **Kompyuter haqqinda uliwma mag’liwmat**
2. **Kompyuterlerdi klasslaw**

**Tiykarg’i bo’lim**

1. **Jeke kompyuterler olardin’ du’zilisi ha’m tu’rleri**

**Juwmaqlawshi bo’lim**

1. **Texnika qa’wipsizligi**

**A’debiyatlar**

# .Kompyuter haqqinda uliwma mag’liwmat

**Kompyuter, degende tu’rli ko’lemdegi, ha’r qiyli ko'rinistegi axborotlardi tezlik penen islep beriwdi ta`minlewshi universal avtomatik qurilmani tu’siniw mu’mkin.**

Ha’zirde ha’r qiyli zamanago’y kompyuterler insang’a xizmet qilmaqta. Olardin’ sirtqi ko'rinisi ha’m tu’rlishe. Biraq olardin’ qurilmalari, (yag`niy apparatli ta`minati) menen jaqinnan tanissaq, tu’rli quramdag’i mashinalardag’i qurilmalarda uqsasliq barlig’in ko'remiz. Ha’r qanday kompyuter apparatli ta`minati, tiykarg’i ha’m qosimsha qurilmalardan quralg’an . Tiykarg’i qurilmalar kompyuter islewin ta`minlese, qosimsha qurilmalar kompyuter menen islesh imkaniyatin ken’eytiredi.

## Zamanago’y komp`yuterler klasi

Kompyuterlerdi yadinin’ ko’lemi, bir sekundta orinlaytug’in a’meller tezligi, mag`liwmatlardin’ razryad to`rinde (yacheykalarda) su’wretleniwine qarap, bes toparg’a bo`liw mu’mkin:

- **super komp`yuterler (Super Computer);**
- **u’lken komp`yuterler (Manframe Computer);**
- **mini komp`yuterler (Minicomputer);**
- **jeke komp`yuterler (PC-Personal Computer);**
- **bloknot(noutbook) komp`yuterler**.

**Super komp`yuterler**



(TOR 500 komp`yuterler) – ju’da’ u’lken tezlikti talap qilatug’in ha’m u’lken ko’lemdegi ma’selelerdi sheshiw ushin mo`lsherlengen boladi. Bunday ma’seleler sipatinda hawa-rayin global prognozina tiyisli ma’selelerdi, u’sh o`lshemli ken’islikte tu’rli ag’imlardin’ keshiwin u`yreniw ma’seleleri, global informatsion sistemalar ha’m tag’I basqalardi keltiriw mu’mkin. Bul komp`yuterler bir sekundta 10 trilliardlap a’mel orinlaydi. Super kompyuterler ba’sekisinde AQSH energetika wa’zirliginin’ Sandia laboratoriyasinda ornatilg’an 9472 protsessorli Intel ASCI Red kompyuter sistemasi karwanbasshiliq qilmaqda.

**U’lken kompyuterler (Manframe Computer)-**




Ilim ha’m texnikanin’ tu’rli tarawlarina tiyisli ma’selelerdi sheshiwge mo`lsherlengen. Olardin’ a’mel orinlaw tezligi ha’m yad ko’lemi super kompyuterlerdikine qarag’anda bir-eki bag`ana pa’s. Bularg’a misal sipatinda AQSHtin’ CRAY (krey), IBM 390, 4300, IBM ES F 9000, Frantsiyanin’ Borrous

6000, Yaponiyanin’ M 1800 markali kompyuterin ha’m basqalardi misal qilip keltiriw mu’mkin

**Mini kompyuterlar (kishi kompyuterler)**



Ko’lemi ha’m orinlaytug’in a’meller tezligi jag’inan u’lken kompyuterlerden keminde bir bag`ana pa’st esaplanadi. Soni aytip o’tiw lazim, olardin’ gabariti (ko’lemi) elede qolaylasip, ha’tteki jeke kompyuterdey kishi orindi iyeleytug’inlari jaratilmaqta. Bunday kompyuterler toparina birinshi ma’rte jaratilg’an PDP-11 (Programm Driver Processor – da’stu’riy basqariw protsessori) toparin, aldin a’skeriy maqsetler ushin isletilgen (sirli esaplang’an) VAX, SUN toplamli kompyuterler, IBM 4381, Hewlett Packard firmasinin’ HP 9000 ha’m basqalar mini kompyuterge misal bola aladi.

| Reyting | Super kompyuter markasi | Islep shig’ariwshi ma’mleket | Firma ati | Protsessor sani | Tezligi |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Intel ASCI Red | AQSh | Intel (AQSh ) | 9472 | 1338 |
| 2 | SGI ASCI Blue | AQSh | SGI (AQSh ) | 6144 | 634 |
| 3 | SGI T3E1200 | AQSh | SGI (AQSh ) | 1084 | 430 |
| 4 | Hitachi | Yaponiya | Hitachi | 128 | 368 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | SR8000 | | ( Yaponiya ) | | |
| 5 | SGI T3E900 | AQSh | SGI (AQSh ) | 1324 | 264 |

**Jeke kompyuterler**



Ha'zirde ka'rxanalar, sho'lkemler, joqari oqiw orinlarinda ken' tarqalg'an bolip, olardin' ko'pshiligi **IBM** markasina say kompyuterler bolip esaplanadi.

IBM markasina say kompyuterler degende, olardin' tu'rli kompaniyalar islep shig'ariliwina qaramay ha'm texnik, ha'm programma ta`minati sa'ykesligi, yag`niy bir-birine tuwri keliwi na'zerde tutiladi. Bunday kompyuterler ko'lemi jag'inan kishi (bir stol u'stine jaylasadi), a'mal orinlaw tezligi, ma'selen PENTIUM-3 MMX protsessori ornatilg'an kompyuterlerinde, ha'zirgi ku'nde 750-1000 megagertsti, yad ko'lemi bolsa, 64-128 megabaytti quraydi. Bul ko`rsetkishler ju'da' tez o`zgerip, ha'r eki jilda kompyuterler imkaniyati eki ma'rtebe asiwi, olardin' bahasi bolsa sonshag'a arzanlasii tendentsiyasini gu'zetilmekte. Bu'gingi ku'nde Pentium IV kompyuterleri ha'm ja'han bazarinda ken' tarqalmaqta. IBM PC sa'ykeslik kompyuterlerin ju'zlep firmalar islep shig'armaqta. Bular IBM, Compaq, Hewlett-Packard, Packard Bell, Toshiba, Apple, Siemens Nixdors, Acer, Olivetti, Gateway, SUN ha'm basqa firmalar esaplanadi. Soni aytiw lazim, joqarida atlari aytip o'tilgen firmalar islep shig'arg'an kompyuterler (bradename) - «Aq jasalg'an», Arqa-Shig'is

ma’mleketlerde: Malayziya, Qitay, Tayland, Koreya ha’m basqa ma’meleketlerde joqarida atlari keltirilgen firmalar litsenziyasi tiykarinda islep shig’arilg’an kompyuterler «Sari jasalg’an» atina iye. Firma atlari ko`rsetilmegen kompyuterler bolsa «atsiz kompyuterler» (noname) dep ju’rgiziledi. A’sirese, keyingi topar kompyuterlerin satip alarda olar jaqsi tekseriwden (testler ja’rdeminde) o`tkiziliwi lazim. Jeke kompyuterler ushin onin’ a’himiyetli ko`rsetkishi islew kepilliginin’ (keminde u’sh jil) boliwi kerek. Sol menen birge, bunday komp`yuterlerdi satip alg’anda litsenzion programma ta`minati ha’m tiyisli a’debiyatlar menen birge beriliw imkaniyati barlig’i na’zerde tutiliwi kerek. Ha’zirgi waqitta respublikamizda tiykarinan, Pentium I – Pentium IV mikroprotsessorli jeke kompyuterler ken’ tarqalg’an.

Ha’zirgi ku’nde du’nya kompyuterler parqi 4 milliard danadan artiqkompyuterlerden ibarat bolsa , onin’ 90%in jeke kompyuterler quraydi. Ba’rshe jeke kompyuterlerdin’ 80% i IBM PC tipindegi kompyuterler esabina tuwri keledi. To’mende jeke kompyuterlerdin’ ayirim xarakteristikalari keltirilgen.

| Parametri | Mikroprotsessor tipleri | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 80486 DX | Pentium | Pentium Celeron | Pentium II | Pentium III | Pentium IV |
| Isshi(taktoviy chastotasi) (MGc) | 50-100 | 75-200 | 330-800 | 220-500 | 500-900 | 1000-2000 |
| Razryadliligʼi(bit) | 32 | 64 | 64 | 64 | 64 | 64 |
| Operativ | 4, 8, 16 | 8, 16, 32 | 32, 64, 128 | 32, 64, | 64, 128, | 128, 256, |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| yadi(Mb) | | | | 128 | 256 | 512 |
| Kesh yadi (Kb) | 256 | 256, 512 | 128 –1 da’rejeli, 512, 1024 | 256, 512, 1024 | 256, 512, 1024 | 512, 1024, 2048 |
| Qatti disk ko’lem(Gb) | 0,8-2,0 | 1,0-6,4 | 4,3-20,0 | 6,4-20,0 | 10,0-30,0 | 20,0-50,0 |

## Noutbook kompyuterleri



***Noutbook kompyuterleri*** ko’lemi bir qansha qolayli bolip, biraq orinlaytig’in a’meller sani, yad ko’lemi jeke kompyuterler da’rejesine ko’terilip barmaqta.Bug’an IBM,Compaq,Acer,Toshiba ha’m basqa firmalardi misal qiliw mu’mkin.

## Jeke kompyuterlerdin’ du’zilisi.



***Jeke kompyuterler ( PC – personal computer ) to'mendegi qurilmalardan ibarat boladi :***

- Sistema bloki.
- Monitor.
- Klaviatura.
- Tishqansha.
- Sirtqi qurilmalar.

***Sistema bloki*** a'datte desktop yaki town ko'rinisinde islep shig'ariladi.

***Kompyuterdin' tiykarg'I qurilmalari:***

**Operativ yad ( RAM – Random Access Memory –** iqtiyariy kiriw mu'mkin bolg'an ) .

**Mikroprossesor,qurilmalar baqlawshilari.**

**Jumsaq disk qurilmasi ( FDD – floppy disk drive ).**

**Qatti disk ( HDD – hard disk drive ).**

**Tek oqiw ushi n mo'lsherlengen lazer disk (CD – ROM – compact disk read only memory)**

## Jeke kompyuterlerdin' tu'rleri

Biz oqiw barisinda jeke kompyuterdin' u'sh tu'ri menen tanisip o'ttik:

1. Ofis jeke kompyuterleri
2. U'y yaki oyin jeke kompyuterleri
3. Professional jeke kompyuterler

Ofis  jeke kompyuterleri yiykarinan tekst teriw, internette islew ha’m a’piwayi kompyuter programmalari ushin toliq sa’ykes keledi.

U’y yaki oyin jeke kompyuterleri ha’r tu’rli kompyuter oyinlarin oynaw ha’m fotomontaj, videomontaj ushin qolayli kompyuterler esaplanadi.

Professional  jeke kompyuterler ha’r tu’rli joqari sipatli videomontaj ha’m ha’zirgi ku’nde jetilisip atirg’an 3D rejimda modellew programmalari ushin  paydalaniladi.

Bul  jeke kompyuterler bir-birinen o’zlerinin’ operativ yad ko’lemi, yadrolar sani, taktoviy chastotasi,  taymingi, kesh yad ko’lemleri menen ajiralip turadi.

## Texnika qa’wipsizligi.




Qa’wipsizlik texnikasi miynet qiliw ushin qa’wipsiz sha’rayat jaratiwg’a qaratilg’an. Shara    ilajlar sistemadan ibarat. Ka’rxana ha’m ustaxanalarda kompyuterdi arqasinda kabel yaki simlardi tokqa  jalg’ap  atirg’anda tok uriwi mu’mkin. Kompyuterlerdin’ iske jaramlilig’i tekserip turiladi. Elektr simlarg’a simlar aspaw  kerek, qa’pelimde qisqa tutasiw  ju’z  beriwi mu’mkin. Simlarda nuqsan sezilse  elektromantyorg’a xabar beriw, ashilip qalg’an simlarg’a qol tiygizbew kerek. Kompyuter aldina  izg’ar halda otirip bolmaydi.

***Monitordan insannin' ko'zine shekem bolg'an araliq – 60 sm.*** Monitor **zangori** ha'm ko'k ren'lerge boyaliwi sha'rt.

***Kompyuterde islew waqtinda insannin' sharshaw sebepleri:***

- Ekran jariqlig'i;
- Contrast ha'm fon ortasindag'i aniqliq;
- Kompyuterde islew waqtinda issiliqtan nurlaniw;
- Kompyuter buziqlig'i;

# *Adebiyatlar*


1. P. Karimov, S. Irisqulov, A. Isabaev “ dasturlash” O’zbekiston 2003
2. C++ dan qollanba Aslanov. K  Toshkent 2010 – yil
3. C++ da dasturlash Madrahimov. Sh
4. www.google.uz
5. www.arxiv.uz

6.Skott Myuller «Модернизация и ремонт ПК»  Izd-vo «Piter», 2001.

7.A.Jarov, «Железо» IBM 2000 Moskva: «MikroArt»

8.Borzenko A. «IBM PC устройство, ремонт и модернизация» M. 1995.